

Chan: Kolera

Song: Cholera

(Kolera Kolera) Maladi latchouloulou
(Cholera Cholera) Disease of bad diarrhea
(Kolera Kolera) Se li kap mete dlo nan je nou
(Cholera Cholera) That which is putting tears in our eyes
(Kolera Kolera) Maladi ki mande lave men nou
(Cholera Cholera) Disease that asks us to wash our hands
(Kolera Kolera) Pa kite li met pye sou kou ou
(Cholera Cholera) Don't let it put its foot on your neck

Kolera se yon maladi ki fè anpil dega
Cholera is a disease that causes a lot of damage
Moun pran li nan manje ki mal kwit ak dlo ki pa trete
People get it from poorly cooked food and untreated water
Se yon mikwòb ki lakòz dyare ki tankou dlo
It's a germ that causes diarrhea like water
Li ka dezidrate ou jiskaske ou tonbe blo ou
It can dehydrate you until you drop

Men kèk siy ki anonse maladi djab sa a
Here are a few symptoms that indicate this devilish disease
Dyare ki tankou dlo diri ak kranp ak vomisman
Diarrhea that is like rice water, cramping and vomiting
Dezidratasyon ki preske lage ou a tè
Dehydration that almost causes you to collapse
Si ou gen sentòm sa yo prese al kay doktè
If you have these symptoms hurry to the doctor's place
Annou chante
Let's sing

(Kolera Kolera) Maladi latchouloulou
(Cholera Cholera) Disease of bad diarrhea
(Kolera Kolera) Se li kap mete dlo nan je nou
(Cholera Cholera) That which is putting tears in our eyes
(Kolera Kolera) Maladi ki mande trete dlo nou
(Cholera Cholera) Disease that asks us to treat our water
(Kolera Kolera) Pa kite li met pye sou kou ou
(Cholera Cholera) Don't let it put its foot on your neck
Pa kite li met pye sou kou ou
Don't let it put its foot on your neck

Nètwaye men nou ak savon tout tan ou kapab
Wash your hands with soap as often as you can
Sitou lè ou soti nan twalèt oubyen bay lanmen
Especially after you use the toilet or shake hands
Lave men nou avan nou manje ou prepare manje
Wash your hands before you eat or prepare food
E apre nou manyen moun ki gen kolera

And after you touch people who have cholera

Pa manje okenn legim kri, byen kwit tout manje
Don't eat any raw vegetables, cook all food well
Sitou bèt ki sot nan lanmè oswa nan larivye
Especially creatures that come from the sea or the river
Evite manje fri ki deja tout kale
Do not eat fruit that is already peeled
Fè bezwen ou nan latrin pa janm fè li atè
Do your necessity in a latrine and never on the ground
Annou Chante
Let's sing

(Kolera Kolera) Maladi latchouloulou
(Cholera Cholera) Disease of bad diarrhea
(Kolera Kolera) Se li kap mete dlo nan je nou
(Cholera Cholera) That which is putting tears in our eyes
(Kolera Kolera) Maladi ki mande kwit manje nou
(Cholera Cholera) Disease that asks us to cook our food
(Kolera Kolera) Pa kite li met pye sou kou ou
(Cholera Cholera) Don't let it put its foot on your neck

(Kolera Kolera) Maladi latchouloulou
(Cholera Cholera) Disease of bad diarrhea
(Kolera Kolera) Se li kap mete dlo nan je nou
(Cholera Cholera) That which is putting tears in our eyes
(Kolera Kolera) Maladi ki mande lave men nou
(Cholera Cholera) Disease that asks us to wash our hands
(Kolera Kolera) Repete ansanm
(Cholera Cholera) Repeat together

Lave men nou (Lave men nou)
Wash your hands (Wash your hands)
Pa bliye (Pa bliye)
Don't forget (Don't forget)
Trete dlo a (Trete dlo a)
Treat the water (Treat the water)
Avan nou bwè (Avan nou bwè)
Before you drink (Before you drink)
Fè manje a (Fè manje a)
Make the food (Make the food)
Byen kwit (Byen kwit)
Well cooked (Well cooked)
Fè bezwen nou (Fè bezwen nou)
Do your necessity (Do your necessity)
Nan latrin (Nan latrin)
In a latrine (In a latrine)
Evite kolera!
Prevent cholera!

Si ou gen kolera al nan sant sante imedyatman
If you have cholera go to a health center immediately
Bwè anpil dlo trete, sewom oral ak ji tou tan
Drink a lot of treated water, rehydration solution and juice throughout the day
Toujou bay tibebe yo tete e swiv règ ijyèn yo
Continuously nurse little babies and follow good hygiene practices
Ti konsey sa yo ka anpeche kolera fè dènye sou ou
This bit of advice can prevent cholera from doing you in

(Kolera Kolera) Maladi Latchouloulou
(Cholera Cholera) Disease of bad diarrhea
(Kolera Kolera) Se li kap mete dlo nan je nou
(Cholera Cholera) That which is putting tears in our eyes
(Kolera Kolera) Maladi ki mande bouyi dlo nou
(Cholera Cholera) Disease that asks us to boil our water
(Kolera Kolera) Pa kite li met pye sou kou ou
(Cholera Cholera) Don't let it put its foot on your neck

(Kolera Kolera) Maladi Latchouloulou
(Cholera Cholera) Disease of bad diarrhea
(Kolera Kolera) Se li kap mete dlo nan je nou
(Cholera Cholera) That which is putting tears in our eyes
(Kolera Kolera) Maladi ki mande kwit legim yo
(Cholera Cholera) Disease that asks us to cook the vegetables
(Kolera Kolera) Repete ansanm
(Cholera Cholera) Repeat together

Lave men nou (Lave men nou)
Wash your hands (Wash your hands)
Pa bliye (Pa bliye)
Don't forget (Don't forget)
Trete dlo a (Trete dlo a)
Treat the water (Treat the water)
Avan nou bwè (Avan nou bwè)
Before you drink (Before you drink)
Fè manje a (Fè manje a)
Make the food (Make the food)
Byen kwit (Byen kwit)
Well cooked (Well cooked)
Fè bezwen nou (Fè bezwen nou)
Do your necessity (Do your necessity)
Nan latrin (Nan latrin)
In a latrine (In a latrine)
Evite kolera!
Prevent cholera!